

Ki kalite èd mwen kapab jwenn?

Se ou ki konn pi byen kisa ou menm ak fanmi ou bezwen. Asistan Sosyal ou a ap travay avèk ou pou jwenn bon jan kalite èd. Lap esplike ba ou ki sèvis, resous ak soutyen ki disponib nan kominote ou. Ansanm n ap deside kisa ki pi bon pou ou menm ak fanmi ou.

Men detwa bagay ki amelyore sante ak byennèt fanmi. Nou pwal pale de bagay sa yo pandan rankont nou yo:

- Lè ou pwòch ak pitit ou
- Lè ou konnen kijan pou leve timoun
- Lè ou konnen kijan pou w degaje w epi chèche èd lè ou bezwen
- Lè ou devlope bon jan koneksyon ak kominote a
- Lè ou an mezi satisfè bezwen debaz fanmi ou

Ansanm n ap jwenn sa ki nesesè pou fanmi ou vin pi solid.



Depatman Timoun ak Fanmi
505 Hudson Street
Hartford, CT 06106
Telefòn (860) 550-6300
Dwadotè © 2012 Eta Connecticut

REPONS EVALYASYON FANMI

Apwòch Kominotè pou Soutni Fanmi



KISA YO RELE REPOSNS DIFERANSYÈL?

Lè ou resevwa yon apèl telefonik oswa yon vizit nan men DCF sa gen dwa fè w pè.

Repons Diferansyèl se yon mannyè differan pou reyaji lè yo fè akizasyon abi oswa neglijans timoun. Lè nou wè pitit ou an sekirite, asistan sosyal la gen dwa ofri w yon sèvis espesyal ki rele Repons Evalyasyon Fanmi oswa "Family Assessment Response."

Kisa yo rele Repons Evalyasyon Fanmi an?

Yon Repons Evalyasyon Fanmi se yon pwogram ki:

- Kwè ke tout fanmi gen pwen fò ak senten bagay yo kapab fè
- Kenbe timoun yo an sekirite
- Pa blame pèsonn
- Travay men nan lamen ak paran yo ansanm ak moun k ap soutni paran sa yo
- Bay sèvis ak resous ki ede satisfè bezwen fanmi yo genyen
- Ede konekte fanmi yo ak kominote yo

Lòt eta ki sèvi ak Sistèm Repons Diferansyèl la remake pi bon rezulta pou

timoun yo, sa enkli plis satisfaksyon nan fanmi an paske yo patisipe nan idantifikasyon solisyon ki pou fè yo vin pi fò epi pèmèt yo akonpli pi plis.

Yon Repons Evalyasyon Fanmi se yon pwogram ki baze sou pwen fò epi ki konsantre sou fanmi; li travay men nan lamen ak fanmi yo pou idantifye pwen fò yo, sa yo bezwen, epitou pou konekte fanmi an avèk sèvis ak sipò ki gen nan kominote a. Bi apwòch sa a se anpeche timoun ak fanmi vin nan pwoblèm ak DCF ankò; se pou sa yo ede fanmi sa yo sèvi avèk/identife solisyon pou pwoblèm yo epi travay men nan lamen avèk pwogram ak òganizasyon kominotè.

Kijan yon Repons Evalyasyon Fanmi mache?

Kou yo asepte yon rapò pou yon Repons Evalyasyon Fanmi, asistan sosyal la pwal evalye sekirite pitit ou epitou idantifye pwen fò ak bezwen fanmi ou.

Kou pitit ou an sekirite, fanmi ou ap deside si yo vle resevwa sèvis sa yo.

Gen rankont Ekip Timoun ak Fanmi pou devlope plan pou ede soutni fanmi an epi diskite pwoblèm ki genyen. Fanmi yo di kiyès yo vle envite nan rankont sa yo.

Ansanm n ap kreye yon Plan Sèvis k ap dekri differan etap pou fanmi ou resevwa soutyen nan men DCF, kominote a, avèk ou menm tou.

Pou ede fanmi ou, DCF ap konekte ou avèk sèvis ak resous nan kominote a, san rete oswa pou toutotan ou bezwen.

Poukisa m ap resevwa yon Repons Evalyasyon Fanmi?

- ✓ Liy Swen an (Careline) te asepte yon rapò ki gen pou wè ak fanmi ou.
- ✓ Yo te konsidere rapò a pat gen anpil risk ladan.
- ✓ Fanmi ou pat gen pwoblèm oswa pat gen gwo pwoblèm ak DCF deja.
- ✓ Yo panse pitit ou an sekirite.

